АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№34
(9922)

РУЗМАН

28 август
2020 сон

9 МУХIАРРАМ 1442 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# ЦIияб цIалул соналде - цIиял масъалаби

**Араб цIалул соналъул хIасилал гьарулеб, цIияб 2020-2021 цIалул соналде гIужал росулеб лъайкьеялъул идарабазул данделъи тIобитIана нилъер районалда 27 августалда.**







Исана цогидал соназда релълъунчIеб, видеоконференциялъул кумекалдалъун гIуцIараб букIана августалъул лъайкьеялъул идарабазул данделъи.

Гьелда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер МухIамад ХIасановас, Лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Ибрагьим ХIажиевас, МЧСалъул бетIерав специалист Мурад ХIамзатовас, лъайкьеялъул отделалъул специалистас ва школазул коллективаз.

МугIалимзабазда цIияб цIалул сонги баркун, данделъи байбихьана ва нухда бачана районалъул бетIер МухIамад ХIасановас.

Жакъасеб районалда бугеб ахIвал-хIалалъул бицун, М.ХIасановас нухмалъулезда бичIчIизабуна щибаб школалъ Роспотребнадзоралъул тIалабазда рекъон санитариябгун эпидемиологиял шартIал цIунизе ккеялъул. ЦIикIкIун руго тIалабал 1-4 классазда хинаб квен чIезабиялъул. –Гьадинаб форматалда тIобитIараб августалъул данделъи буго тIоцебесеблъун, нилъее ругьунаб гьечIеблъун. Лъайкьеялъул бутIаялда ругел гIунгутIабигун, масъалабазул бицине цоги данделъи гьабичIого гIоларин ккола дида,- ян пикру загьир гьабуна М. ХIасановас.

Лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Ибрагьим ХIажиевас араб соналъул хIасилалги гьарун, рехсана республикалъул ва районалъул олимпиадабаздагун конкурсазда бергьарал цIалдохьабазул цIарал. БатIи-батIиял конкурсазда бергьенлъаби росарал мугIалимзабазда баркун жиндирго ва тIолго лъайкьеялъул бутIаялдаса баркала загьир гьабуна гьес.

Лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Ибрагьим ХIажиевасул гIатIидаб доклад кьезе буго хадусеб номералда.

МЧСалъул бетIерав специалист Мурад ХIамзатовас мухIканлъи кьуна Роспотребнадзоралъул тIалабазул. Исана бугеб ахIвал-хIалалда школазда гьарулел хиса-басиял, капиталияв ремонтал МЧСалъулгун дандбан гуро ни гьаризе бегьунгутIи бичIчIизабуна гьес.

МугIалимасул хIалтIи цебетIеялъе кудияб хIалбихьи ккола республикаялда тIоритIулел конкурсазда гIахьаллъи. «ЛъагIалил мугIалим- 2019» конкурсалъул бергьенлъи босарай ХIебда школалъул мугIалим Зайнаб МухIамадовалъ гьединал конкурсазда гIахьаллъиялъул пайдалъул бицана пишацоязда.

-Аварадабияталъул дарсазде кIвар кьеялдалъун магIарул мацI цIуни бугин рахьдал мацIалъул мугIалимасда цебе бугеб аслияб масъала,-ян бицана «Рахьдал мацIалъул лъагIалил мугIалим-2019» конкурсалъул районалъул этапалда бергьенлъи босарай ХIебда школалъул мугIалим ПатIина ГIалиевалъ.

Кьо бахъанагIан гIурус мацIалда кIалъалел гIисинал лъимал цIикIкIунел рукIин нилъеда киназдаго бихьулеб буго. Рахьдал мацIалде рокьи бижизабизе, гьеб малъизе сахлъи гьарана М.ХIасановас.

Гьединго кIалъазе рагIи кьуна «ЛъагIалил тарбиячIужу» ХIебда садикалъул воспитатель ПатIимат СалихIовалъе.

Киналго гIахьаллъаразе баркалаги загьир гьабун, цIияб цIалул соналде къуватги тавпикъги гьарана Ибрагьим ХIажиевас. Данделъиялъул ахиралда гьес нахъеги баркана киналго мугIалимзабазда тIаде щвараб цIияб цIалул сон, баракатгун ва бергьенлъабигун гьеб нухда бачине щулияб сахлъи.

**П. МУХIАМАДОВА**

*Росаби*



МачIада пайда цIикIкIарал ишал

2 гьум.

*МустахIикъал районцоял*



Аслияб мурад – заманалда рекъон хIалтIи

3 гьум.

■ ДАНДЕЛЪИ

# ГIурхъаби Росреестралде росизе руго

**20 августалъ райадминистрациялда тIобитIана росабазул бегавулзабазулгун данделъи. Районалъул бетIер М.ХIасановгун данделъиялда гIахьаллъи гьабуна ДагъистаналъулФГБУ «ФКП Росреестр» филиалалъул нухмалъулесул заместитель А.Ибрагьимовас, муниципалияб ракьалъул хал гьабиялъул бетIерав специалист М.ГIумарасхIабовас ва районалъул цо-цо росабазул бегавулзабаз.**

Данделъиялъул аслияб суаллъун букIана Росреестралъул базаялде нилъер районалъул росабазул гIурхъаби роси. Исана гьеб базаялда лъезе буго 15 росдал гIурхъаби. Хадубккун хутIарал росабиги гьединго реестралда лъезе ругин бицана муниципалияб ракьалъул хал гьабиялъул бетIерав специалист М.ГIумарасхIабовас.

Гьелъул тартиб мухIканго баян гьабуна А.Ибрагьимовас. Федералияв къануналги хIисабалде росун 1937 -1940 соназ чIезарурал гIурхъабазда рекъон лъезе руго гьел реестралда.

Росабазул бегавулзабазул киналго суалазе жавабал кьун, жакъасеб къоялде щибаб росдал бугеб гIурхъи хисулареблъиги бичIчIизабуна ДагъистаналъулФГБУ «ФКП Росреестр» филиалалъул нухмалъулесул заместитель А.Ибрагьимовас.

Ракьазул суалал баян гьаруралъухъ районалъул бетIер МухIамад ХIасановас А.Ибрагьимовасе баркала загьир гьабуна. ГIурхъаби реестралда лъеялъ, хадубккунисеб хIалтIи бигьалъизабизе букIиналъ, районалъул бюджеталдаса гьелъие хIажатаб гIарац бихьизабун буго.





**НИЖЕР МУХБИР**

■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

# Машиназул налъаби тIуразаризе рейдал

**Налогазул инспекциялъул, судалъул приставазул, ГИБДДялъул ва администрациялъул хIалтIухъабазул гIуцIараб комиссиялъ дагьал церегIан къояз районалъул нухазда тIоритIана рейдал.**




Рейдазул гIилла буго транспорталъул налогал тIурачIел бетIергьаби тIатинари.

Рейдазул хIасилазда налъаби ругелщиназе налогал тIуразе квитанцияби кьун руго. Анкьил болжалазда жаниб налъаби кьезе лъазабиял гьаруна ва налогал тIуразариялъул кагътал кьуна комиссиялъ.

Гьел магъалаби кьезе хIаракат бахъизе ккола киназго. ХIукуматалъул мунпагIаталъе гуребги нилъер инфраструктура лъикIлъизеги унеб бугелъул гьеб гIарац. Мисалъе, пачалихъалъ хIукму гьабун буго машинабазул бетIергьабаз кьурал налогал нухал къачIаялъе риччазе. Гьедин, нилъер нухал лъикIлъи бараб буго автотранспорталъул налог бакIариялда.

**М. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВА**

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# Пищеблоказул шартIазул хал гьабуна

**ЦIияб цIалул сон байбихьиялде школазул хIадурлъиялъухъ балагьизе гIуцIун букIана хасаб группа. Райадминистрациялъул, лъайкьеялъул отделалъул, финотделалъул ва МЧСалъул вакилзабаздасан гIуцIараб комиссиялъ балагьулеб букIана 1-4 классазул цIалдохъабазе хинаб квен чIезабиялъул шартIазухъ.**



19-24 августалда комиссиялъул группаби щвана 40 районалъул школазде.

ЛъикIал кванил нигIматал гурелги байбихьул классазул лъимал кваналел пищеблоказе руго Роспотребнадзоралъ рихьизарурал цогидалги шартIал ва тIалабал. Хинаб, цIорораб лъимгун канализацияби рукIине ккола школазда, хасал квен гьабулеб, лъимал кваналелги бакIал батIаго чIезаризе ккола, гьел пищеблокал хинлъизаризеги тIадаб буго школазда.

Хал гьабиялъул группаялъул хIалтIи буго районалъул бетIерасул хъараваллъиялда гъоркь. ГIамм гьабун районалъул школазда бугеб ахIвал-хIалалъе квешаб къимат кьечIо комиссиялъул гIахьалчагIаз. ТIатарал гIисинал гъалатIал тIагIинаризе хIалтIи гьабеян лъазабуна М.ХIасановас ахирисеб гьеб комиссиялъул данделъиялда.

Исана бугеб пандемиялъул ахIвал-хIалалъ, тIалабазда гьоркьоб цIакъго кIвар кьураб суаллъун буго дезинфекциялъе тIадал алаталги чIезари. Комиссиялъул хал гьабиялъул хIасилазда гьел киналго школазда гуро ругел. Лъайкьеялъул отделалъул специалист М. Къебедовасул баяназда рекъон, районалде бачIун буго дезинфекциялъе тIадабщинаб. Гьал къоязда жанир камурал школазда гьоркьор рикьизе руго гьел.

**НИЖЕР МУХБИР**

■ РОСАБИ

# МачIада пайда цIикIкIарал ишал



**Исана цIакъ гIемерал, росу берцин гьарулел, гIадамазе гIумру бигьалъизабулел хIалтIаби инел руго МачIада.**

Бищун цIикIкIараблъун буго гьезда гьоркьоб Шейх ХIажи Удуратил цIаралда бугеб, росдал аслияб къватI къачIай. 400 метраялъ канализациялъе рогIрал лъун, асфальтги тIун, гIатIид гьабун буго гьеб къватI ООО «Гарантстрой» абураб фирмаялъ. Гьелъие аслиял сурсатал(4469000 гъ.) риччан рукIана республикаялъулгун районалъул бюджеталдаса.

Гьебго къватIалъул техника ине рес гьечIеб, нух къварилъулеб бакIалда администрациялда цебеса мажгиталде щвезегIан,бетон тIун, чвахарал лъимал унел 400м. рогIрал лъун, къачIалеб буго ООО «Строй-Сити» идараялъ. Шайих ХIажи Удуратил къватI гвангъизабизе лъолел руго цIиял токалъул хIубалги.

Росдал администрация, ФАП, школа, годекIангун мажгит руго жамагIат бищун гIемер щолел бакIал. Гьенире рачунел нухал къачIаялдаса пайда цIикIкIараб иш щиб букIинеб?

Гьединго, асфальт тIун, гIатIид гьарун къачIалел руго ГIурадаса МачIаде ругел нухал. Республикаялъул автомобилиял нухал къачIаялъул программаялда гьоркьоб букIана гьеб.

Районалъул бюджеталдаса гIарац биччан, асфальт тIун буго исана МачIадаса Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб лъималазул сахлъи цIуниялъул ва хIухьбахъиялъул лагералде щвезегIан.

Росдал хIаракатчагIазул кумекалдалъун къачIалеб буго цоги кIиго къватI. Шайих ШехмухIамадил ва Шайих ХIадисил цIаразда ругел къватIал бан чабахгун ритIизарулел руго.

Росдал жамагIаталъул жигарчилъиялъ къачIан буго басрияб мажгиталъул минар. Щибаб гамачI бацIцIун, гьоркьоб бакI чурун, хъахIаб цемент жаниб биччан, цIи гьабун буго лъабнусгогIанисеб сон бараб минар.

Росдал бегавуласул заместитель МухIамадамин МухIамадовасул баяназда рекъон, къачIан руго лъел мухъал, байбихьи лъун буго лъимал хIалеб площадка базе. Гьединго, гьес бицана росдал администрациялъ цере лъун ругел масъалабазулги. ЦIа ккеялдаса цIуниялъе гьабулеб хIалтIиялда, гьениб бугеб хIор къачIан лъел резервуар балеб буго. Жеги проектазда буго врачебная амбулатория цIи гьабизе, росдал маданияталъул кIалгIа ва цогидал нухалги къачIазе.

ЖамагIат разилъиялъул мурадалда хIалтIи гьабулев бегавуласеги, гьесие квербакъи гьабулел росуцоязеги къуват кьеги Аллагьас, ракIалда ругел мурадал тIуразе ва пайда цIикIкIарал ишал рагIалде рахъинаризе.

**П. МУХIАМАДОВА**





МУСТАХIИКЪАЛ РАЙОНЦОЯЛ

# Аслияб мурад - заманалда рекъон хIалтIи

**Щибаб махщелалъул инсанасе буго кIудияб кIвар. Кинабго махщелалъулъ руго церетIурал хIалтIухъабиги. Гьединаздасан цояллъун рикIкIине бегьула ЖКХялъул хъулухъчагIи. Гьезул къимат бичIчIула, хасго шагьаразда ва чIахIиял росабалъ гIумру гьабулел гIадамазда, минаялъуб лъим, хинлъи гьечIони. МагIарухъ ток къараб мехалъ букIунеб гIадаб рахIатхвей бижула киназулго.**



Щибаб идараялъул хIалтIул дурусльи бараб буго гьелъул нухмалъулезда. Гьединаздаса цоявлъун ккола, араб моцIалъ гIумрудул 65 сониде вахарав, нилъер ракьцояв Рамазанов ГIалиасхIаб ГIалисултанович. «Цолъи» казиталъул гьурмаздаса баркулеб буго ГIалиасхIабида гьавураб къоялъул байрам. Биччанте дур гIумруялда талихIаб гурого къо бачIунгутIизе, хъулухъалъулаб болъодухъан мун гIицIго цевехун ине, бергьенлъабаз дур гIумруялде рагьараб нуцIа киданиги къангутIизе ва къварилъиялда киданиги мун, дуе рокьарал ва мун рокьарал ракIалде щвечIого хутIизе! Хадубккунги лъикIаб рахъалдехун район бахъун къватIирехун ругел вакилзабаз мисал босулевлъун ватайги. Гьарула дуе БетIергьанасул кумекги, икъбалги, тавпикъги!

Гьал къоязда редакциялде бачIана гьадинаб баркиялъул кагъат: «ГIалиасхIаб Рамазановас нухмалъи гьабулеб коллективалъ, яхI бахъун хIалтIи гьабула Гъизилюрт шагьаралъул ЖКХялъул жавабчилъиялда гъоркь ругел мухъал цIи гьаризе ва къачIазе.

ГIалиасхIаб Рамазанов вуго гIемер соназулаб хIалбихьи бугев нухмалъулев. 27 сон баралдаса нахъе гьев хIалтIулев вуго коммуналияб хъулухъалда. 2019соналда гьев бергьана ООО «Теплоснаб» идараялъе нухмалъулев тIамиялъул къецазда. 20 соналъ тIалаб гьабичIого, басралъиялде ккун букIараб шагьаралъул коммуналияб система гьес рукIалиде бачана. Шагьаралъул гIемер рукъзал ругел минаби рукIана шартIал гьечIолъиялъ чIунтиялде ккун. Амма ГIалиасхIабил жигарлъиялдалъун кIвана коммуналиял гьинал къачIазе сурсатал ралагьизе. Гьесие хIалае кумекалъе кидаго хIадурарав вуго Гъизилюрт шагьаралъул бетIер Малик ПатахIовги. Цадахъ рекъон хIалтIиялъ кIиго соналъ рукъзабахъ хинлъи чIезабуна. Коронавирусалъул хIинкъи бугеб 2020 соналъ гъизилюрталъулазул рукъзабахъ хинлъи чIезабиялъул болжал 15 маялде щвезегIан халат гьаруна.

Шагьаралъулазул налъи 8 миллионалдаса цIикIкIун букIаниги, исанасеб хинлъи чIезабулеб заманалде шагьар тIубан хIадурун буго. Коммуналиял сетазул хIалтIухъаби риидал заманалъги хIалхьиялда гьечIо, гьезул хIалтIуда бараб бугелъул хасало хинлъи чIезабиялъул низам. КъваригIараб къадаралда чIезабун буго ремонталъул хIалтIабазе нахърател. Хинлъи чIезаби бараб буго шагьаралъул киналго жавабиял идарабазда. Гьезул цоцалъ рекъон хIалтIиялда бараб буго 2020-2021 соналъул хасалил завал.

«Нижеца гIемерисеб хIалтIи бухьинабун буго заманалда рекъон хIалтIиялда. Аслияб мурад- жамагIаталъулгун цолъи. Интернет-бухьеналдалъун нижеда бажарула шагьаралъул «гIузраби» цIехезе ва цереккун тIуразаризе. ТIоцебесеб иргаялда нижер хехаб кумек щола херал, ригьалда ругел гIадамазе, шагьаралъул чара гьечIого хIалтIизе кколел хъулухъазе. ХIажат ккани, нижер хIалтIухъаби цо параялда гьенире щола, гьединго нижер махщелчагIаз информациялъул технологиязул кумекалдалъунги гIадамазул къваригIелал тIуразарула. Жакъа нижер аслияб масъалалъун буго шагьаралъул гIадамазда ва цо-цо идарабазда хадур ругел налъаби лъугIизари»-ян баян гьабуна ГIалиасхIаб Рамазановас.

ГIалиасхIабил гIумруялда батIа тIечIеб бутIалъун ккола спорталдехун бербалагьи. Гьев вуго эркенаб гугариялъул рахъалъ мастерлъиялде кандидат. Жигараб гIахьаллъи гьабула волейболалъул къецазда. «Чиркейгэсстроялъул» волейболалъул команда 5 нухалъ энергетиказул къецазда чемпионлъун бахъана. Гьебго командалъе республикаялъул къецазда кIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана. ГIалиасхIабил кабинет цIун буго бергьенлъабазул кубоказ ва грамотабаз.

Гъизилюрт шагьаралъул социалиябгун экономикияб рахъ цебе тIезабиялъухъ Малик ПатахIовас ГIалиасхIаб ГIалисултановичасе къуна Баркалаялъул кагъат. «Цолъи» газета гьоркьоб ккун баркула нужер ракьцояв ГIалиасхIабида 65-сонилаб юбилей, гьарула гьесие ва гьесул кIвахI гьечIеб коллективалъе тIадеги бергьенлъаби ва шапакъатал».

**НИЖЕР БАЯН**

**Рамазанов ГIалиасхIаб ГIалисултанович гьавуна 1955 соналъул 23 июлалда Шамил районалъул ТIелекь росулъ. ГIагараб росулъ школа лъугIигун хIалтIизе лъугьана Дубки поселокалда «Чиркейгэсстрой» идараялде. ХIалтIулаго 1974 соналъ цIализе лъугьана энергетикаялъул техникумалде. Техникум лъугIигун хIалтIизе тIамуна СМУ-3 идараялъул участкаялъул нухмалъуде. 1980 абилеб соналъ, Челябинск шагьаралда бергьенлъиялда лъугIана ТIолгороссиялъул махщел борхизабиялъул курсал. ХIалтIудехун бугеб ракIбацIцIадаб бербалагьиялъ ГIалиасхIаб тIамуна батIи-батIиял идарабазул нухмалъуде. ГIалиасхIабил захIматалъул нухалъул цо-цо бутIаби: ООО «Водосервис» нухмалъулесул заместитель, Бавтугъай поселокалъул ЖКХялъул директор, ДРялъул росдал магIишаталъул министрасул кумекчи, Гъизилюрт шагьаралъул Собраниялъул депутат, 2019 соналдаса нахъе Гъизилюрт шагьаралъул ООО «Теплоснаб»алъул генералияв директор.**



ООО «Теплоснаб»алъул хIалтIул тIалабазда М. ПатахIовасул сапар

ГIалибег САЛАВАТОВ,
журналист,
Гъизилюрт шагьар

**ИЗВЕЩЕНИЕ**

**О размещении промежуточных отчетных документов по государственной кадастровой оценке**

В соответствии со статьей 66 Земельного кодекса Российской Федерации, Федеральным законом от 03.07.2016 № 237-ФЗ

«О государственной кадастровой оценке», приказом Министерства по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан 23.07.2019 № 13-967-П/19 «О проведении государственной кадастровой оценки земель промышленности, энергетики, транспорта, связи, радиовещания, телевидения, информатики, земель для обеспечения космической деятельности, земель обороны, безопасности и земель иного специального назначения, земель особо охраняемых территорий и объектов, земель водного фонда» на территории Республики Дагестан в 2020 году проводится государственная кадастровая оценка земель промышленности, энергетики, транспорта, связи, радиовещания, телевидения, информатики, земель для обеспечения космической деятельности, земель обороны, безопасности и земель иного специального назначения, земель особо охраняемых территорий и объектов, земель водного фонда.

В соответствии со статьей 14 пункта 14 подпункта 4 Федерального закона от 03.07.2016 №237-ФЗ «О государственной кадастровой оценке»:

уполномоченный орган субъекта Российской Федерации в течение десяти рабочих дней со дня получения уведомления о соответствии промежуточных отчетных документов требованиям к отчету обеспечивает информирование о размещении промежуточных отчетных документов, а также о порядке и сроках представления замечаний к промежуточным отчетным документам путем:

направления информации в органы местного самоуправления муниципальных образований, расположенных на территории субъекта Российской Федерации, для размещения извещения на информационных щитах указанных органов.

Промежуточные отчетные документы размещены на сайте Росреестра (rosreestr.ru) в фонде данных государственной кадастровой оценки, а также на сайте Государственного бюджетного учреждения Республики Дагестан «Дагестанское бюро по технической инвентаризации и кадастровой оценке» (ГБУ РД «Дагтехкадастр)» (дагбти.рф) в разделе «Кадастровая оценка».

# «Истоки» гъалбазул рукъ





**ГЬитIинай дун, мегIер – гIалахалде яхиндал, сверухълъиялъул берцинлъиялъ пана гьаюлаан. ТIолго дунялалдаго нилъер ракьалъул берцинлъи бихьизабизе анищилан кколаан. Нилъер ракьалъул берцинлъиялъ цогидалги гьенире кида – къадги цIаялда щаклъи букIинчIо.**



Ш.ИмангIалиев ва жокей ГI. Ахъбердилов



Гьединго, сверухълъи дунялалдаго бихьизабизе анищазда вукIунев вугоан, цеве районалъул лъайкьеялъул отделалда хIалтIулев вукIарав, гьанже жиндирго анищ тIубаялде вуссарав, Микьигъориб «Байбихьи» (Истоки) абураб гъалбадерил рукъалъул ва экологияб туризмалъул къучI лъурав ИмангIалиев Шамил.

Жиндирго хIалтIул, кIудияб гъираялда, гьес бицана:

« 13 соналъ цеве, 8 чуги бачун дун щун вукIана чуязул туризм гьабизе Чиндирчероялде. Гьеб мехалъ ккола-ан Дагъистаналде туризм цо 20 сонал-дасангIаги гурони щвеларилан. Амма гьедигIан халат бахъинчIо Дагъиста-налъул берцинлъи дунялалдаго рагьизе.

Суракъат Асиятиловасул «Ислам и террор несовместимы» абураб тIехьал-да цIакъ гъваридго бицунеб буго ма-гIарухълъи цIуниялъул, гьелъул бер-цинлъи цебеса – цебе кьеялъул ва ни-лъерго ракь цебетIеялъе, гIадамазе мунпагIаталъе хIалтIи гьабиялъул. Ки-набгоги аслуялъе босун, гIемер анищазда вукIунаан дун, дирго пикраби гIумруялде рахъинариялъе.

Кин бугониги, Аллагьасде таваккалгун, дицаги, дир лъикIав гьалмагъ, ЧIа-радаса жокей Ахбердилов ГIабдула ГIумаровичасги гIуцIана букIинесеб гъалбадерил рукъалъе проект. Августалъ нижер экологияб туризм гIумруялде бахъинабиялъ бала лъагIел. Гьаб лъа-гIалида жаниб нижеца гьабуна гIеме-раб хIалтIи. Буго туристазе экскурсия гьабулел 14 чу. 5 чу битIун, 5 хIухьба-хъиялда тун, гьедин хис-хисун хIалтIула гьел. Туристалгун цадахъ рукIуна гьезда нухмалъулелги. Чуязда рекIун щвезе рес буго, чанги машинаялда ялъуни лъелго щвезе рес гьечIел бакIазде. Гьелъ чуязул туризмалъ гIадамазул ракIазе гьабулеб буго хасаб асар.

Росдал аграрияб проекталъул бищун лъикIаб объект абун, 200 азарго гъурущ грант бергьана нижер проекталъе. Гье-лъулги ккана кумек, гъалбадерие сана-гIатал гьаризе».

Гьединго Шамилица бицана, жидерго колотIа балеб бугеб кIудияб гъалбадерил рукъалъул. Гьесул рагIабазда рекъон, гье-лъул борхалъудасан рихьула 6 районалъул росаби. Цебе лъун букIуна мугIрузул гIа-жаибго берцинаб тIабигIаталъул сурат.

Экологияб туризмалъул нилъер райо-налда къучI лъураз бицана жеги гIемерал ругин гIумруялде рахъинаризе ругел хIалтIаби, анищал.

«Нижер гъалбазул рукъ буго законалда рекъон регистрация гьабураб ва гъалбазул рукъзазул реестралда лъураблъун. Ту-ристазул къадар тIадеялдаса – тIаде цIи-кIкIунеб буго. Мисалалъе, сентябралде график хIадурун, цоги группа тIаде хъвазе бакI хутIун гьечIо. РачIуна хасго букIине кколеб рахIат бичIчIарал, мугIрузул цIияб гьава, сихIкъотIи ва берцинаб све-рухълъиялъухъ урхъарал. Нижер хIа-къалъулъ туристазда лъала жамгIиял гьиназдасан. ГIемерисезда лъан батула, цо нухалъ щвараз цебеса – цебе бицун»-ян тIадеги жубана Шамилица.

Жакъасеб къоялде «Байбихьи» гъалба-дерил рокъоб тIаде рачIаразе чIезарун руго киналго шартIал. ХIадурула тIа-гIамаб, Дагъистаниязул миллияб ва гъал-бадерил къасд ккараб квен.

ЖамгIиял гьиназда лъурал, Микьигъо-риб «Байбихьи»ялде щваразул рекIел асаразухъ балагьидал, бичIчIулеб буго, ИмангIалиев Шамилица къучI лъураб, эко-логияб туризмалъул бечедаб букIинесеб.

**ГI. НУРМУХIАМАДОВА**

## ■ ОБЪЯВЛЕНИЯ

Утерянный аттестат под номером №Б0326517, выданный Магомедовой Асият Магомедовне 1986 года рождения, об окончании МКОУ «Батлухская СОШ им. М.Сулейманова» в 2003г. считать недействительным.

Утерянный аттестат под серией 005 номером №18000241560, выданный Ибрагимовой Разият Гаджиевне 10.01.2003 года рождения, об окончании МКОУ «Хододинская СОШ» в 2018г. считать недействительным.

Утерянный аттестат за номером №А-172923, выданный Асадулаеву Магомедарипу Абдулбасировичу 16.01.1979 года рождения, об окончании МКОУ «Куанибская ООШ» в 1991г. считать недействительным.

**ЦОЛЪИ**

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ
П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГI. НурмухIамадова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
П.Ибрагьимова

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “ЦIияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гъоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления. Регистр.ПИ№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде къураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде къураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде-кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужа-базул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авто-раз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI
№ 50